

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL II

Jedi, 23 janvyè, 2025 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de (2) dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

... Pou veve *daimyo* te obeyi lòd *bakufu* [shogunate], hogoun te gen pwòp enspektè pa l. Li te tou kenbe *daimyo* anba siveyans lè li te mande yo pou yo pase lòt ane nan rezidans nan Edo. Lè yo te retounen nan domèn yo, yo te oblije kite madanm yo ak pitit yo dèyè. Sistèm prezans altènatif sa a (*sankin kōtai*) te fòse *daimyo* pou yo depanse gwo kantite lajan pou vwayaje ale vini ak patisipan yo [asistan yo] epi pou yo kenbe rezidans byen elabore nan Edo. Yo te rele yo tou pou sipòte pwojè piblik tankou travay dlo oswa reparasyon chato shogoun nan Edo, men ekstraksyon sa yo [te mande kontribisyon yo] pa t lou menm jan ak depans konstan nan prezans altènatif. Egzijans sa a te fè Edo tounen kapital non sèlman nan *bakufu* men nan tout Japon. . . .

Sous: Schirokauer ak Clark, *Lès Azi Modèn* (Modern East Asia), Thomson Wadsworth, 2004

- | | | |
|--|---|---|
| 1 Yon istoryen t ap twouve pasaj sa a pi itil pou l konprann | 1 | 2 Ki ipotèz pasaj sa a ki pi byen sipòte? |
| (1) obligasyon daimyo a anba Tokugawa chogoun | | (1) Règleman shogun nan te etabli a limite gwo Edo. |
| (2) kreyasyon pwojè piblik nan Tokugawa | | (2) Wòl prensipal daimyo a se te kenbe shogoun nan anba siveyans. |
| (3) enspeksyon daimyo a fè pandan peryòd Tokugawa a | | (3) Sèvis nan chogoun souvan mande sakrifis pèsònèl. |
| (4) enkyetid politik etranje Tokugawa a chogoun | | (4) Daimyo a ak shogoun nan te patnè egal nan gouvènans Japon an. |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

. . .Peyi Lend, nan dizwityèm syèk la, se te yon anpi ki te pare pou yo anvayi. Gwo kontinan sa a, tèlman rich ak resous tout kalite, te divize an anpil eta, kolonize sou bò yo, ak toujou ap gen [dechire] ak lagè. Nan ane 1730 yo, Anpi Mogul [Mughal] la, ki te dirije de tyè nan zòn tè li yo yon fwa, te tonbe; nouvo eta yo te parèt an gwo kantite; ansyen eta yo, yon lè yo te sibòdone ak anpi a, te rejwenn endepandans total yo. Apre sa, te gen etranje yo.

Gen kèk, tankou Pòtigè yo nan Goa, reyèlman pa t enpòtan: yo te kontwole yon pò ak pa dèyè peyi imedya l yo [peyi dèyè] pou fè komès - epis, diri, bèl wòch ki koute chè, bwa twopikal ra, ak swa - e sa se te limit anbisyon yo. Gen lòt, tankou Fransè yo, yon lè yo te espere gen yon anpi nan peyi Lend, men Grann Bretay te bat yo pandan Lagè Sèt Ane a (1756-1763), epi yo te rete ak yon senk pò sèlman. Te rete Britanik la, oswa sa ki pi etranj nan antite yo, Konpayi End Oryantal la. . . .

Sous: Olivier Bernier, *Lemond nan ane 1800* (The World in 1800), John Wiley ak Sons, 2000

- | | |
|--|--|
| 3 Ki enpak sitiyasyon dekri nan pasaj sa a te gen sou règ Mughal? | 4 Istoryen yo ta ka pi byen itilize pasaj sa a pou abòde |
| (1) Otorite politik ak ekonomik Mughal te vin pi santralize. | (1) viv ansanm nan lapè ant Endou ak Mizilman yo |
| (2) Enfliyans etranje nan peyi Lend te lakòz Mughal yo pèdi kontwòl teritwa yo. | (2) efè sosyal ibanizasyon ak endistriyalizasyon nan peyi Lend |
| (3) Mughal yo te dirije efò rezistans siksè kont entèferans Fransè. | (3) relasyon ant migrasyon Ewopeyen an ak pwopagasyon maladi |
| (4) Konpetisyon ant peyi Ewopeyen yo te pote ogmantasyon estabilite nan Mughal yo. | (4) chanje ekilib pouvwa ak komès nan peyi Lend |

Sèvi ak desen komik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.



Sous: Bertram A. Fitzgerald Jr., ed., *Lejann Toussaint Louverture ak Nesans Ayiti* (The Saga of Toussaint L'Ouverture and The Birth of Haiti), Konpayi Piblikasyon Fitzgerald, 1966


5 Ki sa ki enfliyanse aksyon pèp Ayisyen an nan desen komik sa a?

- (1) adopsyon lide Maksis pa revolisyonè yo ann Ayiti
- (2) gaye lide Syèk Limyè yo ann Ayiti
- (3) Bolívar te dirije rebelyon yo nan koloni Panyòl yo
- (4) Legliz Katolik ki vin febli nan Amerik Latin nan

6 Ki sa ki te yon gwo rezilta nan sityasyon ki dekri nan desen komik sa a?

- (1) Toussaint Louverture te dirije yon revolisyon pou genyen endepandans pou pèp Ayiti a.
- (2) Napoleon te fòme yon alyans ak Toussaint Louverture pou dirije Ayiti ansanm.
- (3) Monachi Fransè a te bay Ayiti dwa san okenn san pa koule.
- (4) Blan Fransè ann Ayiti te fòme yon nouvo gouvènman ki aboli esklavaj.

Sèvi ak kat ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 la.



Sous: *Kat Istorik nan Achiv* (Historical Maps on File), Asosye Martin Greenwald, 1984 (adapte)

7 Ki nosyon ki pi enfliyans gwo chanjman yo montre sou kat sa a?

- (1) sifraj inivèsèl
- (2) izolasyonis
- (3) emansipasyon sèf yo
- (4) nasyonalis

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 ak 9.

Nan fè konparezon ak avantaj ki genyen nan Angletè pou manifakti ak sa yo ki nan lòt peyi yo, nou pa ka neglije pozisyon komèsyal ekselan peyi a - entèmedyè ant nò ak sid Ewòp; ak sitiasyon izolasyon li yo [lokal zile], ki, ansanm ak chèf lanmè yo, pwoteje teritwa nou an kont envazyon oswa pwoblèm. Oseyan Alman an, Baltik la, ak Mediterane a se pasaj regilye pou bato nou yo; e pò lwès nou yo kòmande yon pasaj [klè] san obstak nan Atlantik la, ak nan chak ka [pati] nan mond lan.

Sous: Edward Baines, *Istwa Manifakti Koton an nan Grann Bretay* (History of the Cotton Manufacture in Great Britain), H. Fisher, R. Fisher, ak P. Jackson, 1835

8 Ki ipotèz pasaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Gen anpil divès kilti nan Angletè paske li toupre Oseyan Atlantik la.
- (2) Pwoksimitè Angletè ak Almay fè li vilnerab pou envazyon.
- (3) Angletè gen anpil avantaj ekonomik akòz kote zile l yo ye.
- (4) Angletè izole ak rezo komès lòt bò dlo yo.

9 Ki evènman enpòtan ki pi asosye ak kontèks jeyografik ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) Revolisyon Endistriyèl la
- (2) Gwo Depresyon an
- (3) Revolisyon Ris la
- (4) Premye Gè Mondyal la

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 ak 11.

Chinua Achebe se te yon otè ki soti nan peyi Nijerya.

“Èske blan an konprann koutim nou nan kesyon tè?”

“Ki jan li ka reyisi si l pa menm pale lang nou?”

Men, li di koutim nou yo pa bon; e pwòp frè nou yo ki te pran relijyon l yo di tou koutim nou yo pa bon. Kisa w panse nou ka fè pou nou goumen lè pwòp frè nou yo vire kont nou? Blan an trè entelijan. Li te vini an silans epi anpè ak relijyon l lan. Nou te pran plezi nan enbesilite l epi nou te pèmèt li rete. Paske l genyen frè nou yo kounye a, gwoup nou an pa ka aji antanke yon sèl. Li mete yon kouto sou bagay ki te kenbe nou ansanm e nou te separe.”

Sous: Chinua Achebe, *Bagay yo Gaye an Moso* (Things Fall Apart), Liv Anchor


10 Ki evènman ki pi enfliyans sitiyasyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) Konferans Bèlen an
- (2) Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) Kongrè Vyèn
- (4) Trete Vèsay

11 Pou ki rezon pasaj sa a ta ka pi itil?

- (1) montre fason moun endijèn yo panse pandan peryòd tan an
- (2) bay yon sous prensipal enfòmasyon pou esplike evènman pandan Lagè Fwad la
- (3) bay yon egzanp metòd rezistans ki ka sèvi modèl pou lòt sosyete yo
- (4) pou devlope politik tolerans relijye ak konsiderasyon kilti tradisyonèl yo

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 ak 13.



Sous: Nelson Harding, "Yon Sitiyasyon Menasan" (A Threatening Situation), *Èg Brooklyn* (Brooklyn Eagle), 4 desanm 1912

12 Ki evènman ki te fèt kòm rezilta sitiyasyon ki ilistre nan desen komik sa a?

- (1) Lafrans ap koule bato ki san zam
- (2) enstalasyon gouvènman Weimar
- (3) rejè Trete Vèsay la
- (4) اساسina achidik Otrich la

13 Dapre desen komik sa a, ki deklarasyon ki pi byen dekri opinyon desinatè a?

- (1) Militarism Ewopeyen an te anpeche konfli.
- (2) Lapè Ewopeyen an te konte sou sekirite kolektif.
- (3) Yon sistèm alyans Ewopeyen yo te lakòz tansyon ann Ewòp la vin pi konplike.
- (4) Sèbi te kapab evite patisipe ak lòt peyi Ewopeyen yo.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

Tapi a.



Sous: David Low, *Sware Estanda* (Evening Standard), 19 janvyè 1933 (adapte)


14 Ki sitiyasyon ki konsidere kòm yon kòz nan evènman ki dekri nan desen komik sa a?

- (1) envazyon Almay nan peyi Polòy
- (2) Lig Nasyon yo te deklare politik kontwòl endepandan an
- (3) echèk nan trete sekre ki te kreye apre Premye Gè Mondyal la
- (4) Enkapasite Lig Nasyon an pou kontwòle nasyon agresè yo

15 Ki ipotèz konsènan Lig la desen komik sa a pi byen sipòte?

- (1) Li te pèmèt Japon anvayi Manchuria san okenn fòm vanjans.
- (2) Li te sipòte envazyon Japon an nan Manchuria lè li te bay twoup yo.
- (3) Li atake Japon apre envazyon nan Manchuria, men li te pèdi batay yo.
- (4) Li pa t rive mete Grann Bretay nan chat orijinal la.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 ak 17.



Sous: Dr. Seuss, PM

16 Ki sa ki te mennen pi dirèkteman nan sitiyasyon ki dekri nan desen komik sa a?

- (1) repiyans Ewopeyen yo pou yo antre nan yon lòt lagè
- (2) sipò entènasyonal pou militaris Almay
- (3) siksè konsolidasyon lapè Ewopeyen an
- (4) demann Alye yo pou reparasyon lagè Alman yo

17 Ki efè imedya aksyon yo ki parèt nan desen komik sa a?

- (1) Etazini te antre nan Dezyèm Gè Mondyal la.
- (2) Nazi yo te kontinye antre sou nouvo teritwa.
- (3) Katòz Pwen Wilson yo te pèmèt Almay rebati lame l la.
- (4) Yo te jije lidè Nazi yo pou krim kont limanite yo nan Nuremberg.

Sèvi ak gwo tit ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 la.

**ETAZINI BARE KIBA, EPI MANDE LARISI POU L
'RETIRE KÒ L'**
Sous: *Republik Arizona* (Arizona Republic), 23 oktòb 1962


**ESPÈ YO DI Y AP PEYE KONSEKANS BLOKAJ
BÈLEN AN**
Sous: *Lidè Boston chak Jou* (Boston Daily Leader), 24 novanm 1948

**LARISI AK KAT LÒT FÒS PAK VASOVI A ANVAYI
TCHEKOSLOVAKI; YO TIRE SOU PÈP LA NAN
PRAG**
Sous: *New York Times*, 21 out 1968

18 Ki jeneralizasyon sou Gè Fwad la tit sa yo pi byen sipòte?

- (1) Li te anpeche epidemi vyolans.
- (2) Li te mennen nan konfli militè dirèk ant Etazini ak Inyon Sovyetik.
- (3) Li te afekte plizyè peyi ak rejyon atravè mond lan.
- (4) Li te mande entèvansyon Nasyonzi.

Sèvi ak desen komik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20 yo.



Sous: Edmund Valtman, *Republiken Waterbury* (Waterbury Republican), 1991

19 Ki evènman ki dekri nan desen komik sa a?

- (1) règ Czar Nicholas II
- (2) kreyasyon Tribinal Entènasyonal Kriminèl la
- (3) efondreman Inyon Sovyetik la
- (4) diminisyon nan pouvwa legliz Òtodòks la

20 Ki politik ki pi dirèkteman kontribye nan sitiyaasyon yo montre nan desen komik sa a?

- (1) Nouvo Politik Ekonomik Lenin
- (2) Plan Senkan Stalin yo
- (3) Kat Modènizasyon Deng yo
- (4) Politik glasnost Gorbachev la

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

. . .Mwen te raple pèp la peyi nou se pa nou e nou pa vle kontinye viv nan esklavaj ak anba eksplwatasyon ak opresyon; se sèlman anba gouvènman endepandan konplè nou ta nan yon pozisyon pou devlope peyi a pou pèp nou an te kapab jwi konfò ak ekipman sivilizasyon modèn. Mwen te esplike yo nesesite pou sipòte revandikasyon nou an pou gouvènman endepandan ak yon pwogram aksyon pozitif ki anplwaye ajitasyon lejitim, jounal ak kanpay edikasyon politik ak aplikasyon grèv, bòykòt ak refi pou kolabore ki baze sou prensip pou konbat vyolans. Mwen te konseye kont diplomasi ak desepsyon pandan m te fè yo konnen Britanik yo, kòm ansyen mèt taktik diplomatik yo, ta byen lwen pito gen franchiz ak detèminasyon nan men nou. Yon politik kolaborasyon ak apèzman pa t ap mennen nou okenn kote nan lit nou an pou yon gouvènman endepandan imedyà. . . .

Sous: Kwame Nkrumah, *Otobyografi Kwame Nkrumah* (The Autobiography of Kwame Nkrumah), Thomas Nelson ak Sons, 1957

- | | |
|--|--|
| 21 Ki ipotèz ki pi fè sans ki baze sou enfòmasyon ki nan pasaj sa a? | 22 Ki dirijan ki te itilize metòd ki sanble ak sa yo dekri nan pasaj sa a? |
| (1) Grann Bretay te evite diplomasi nan relasyon l ak Afriken yo. | (1) Ho Chi Minh |
| (2) Kwame Nkrumah te vle endepandans de Grann Bretay. | (2) Mao Zedong |
| (3) Gouvènman endepandan pou koloni Ewopeyen yo te mande edikasyon sèlman. | (3) Mohandas Gandhi |
| (4) Pisans Ewopeyen yo te ankouraje demann kolonyal pou libète yo. | (4) Ayatollah Khomeini |

Sèvi ak desen komik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24 yo

. . .Patisyon peyi Lend ak konfli sou Kashmir, yon eta prinsye majorite Mizilman ki te dirije pa yon dinasti Endou, te kondwi pa enterè lokal ak filozofi, ki gen ladan teyori de nasyon an, ki te fè konnen Mizilman yo nan peyi Lend Britanik yo ta dwe akòde pwòp peyi yo, Pakistan. Dapre Muhammad Ali Jinnah, fondatè Pakistan:

“Endou ak Mizilman fè pati de diferan filozofi relijye, koutim sosyal ak tradisyon literè. Yo pa ni marye ni manje ansanm, e an reyalyte yo fè pati de sivilizasyon diferan ki baze sitou sou lide ak konsepsyon konfli.”

Opinyon sa a ki fè konnen Endou ak Mizilman fè pati de sivilizasyon diferan se pwoblèm pou anpil pansè modèn, ki chèche nan Raj Britanik la yon espplikasyon pou divize pati nan kontinan an. Èske divizyon an - diferan koutim sosyal ak filozofi Jinnah te pale de yo a - te rezilta nan yon konplo kolonyal? Oswa èske gen yon divizyon sivilizasyon pi fon? . . .

Sous: Akhilesh Pillalamarri, “Orijin Konfli Endou-Mizilman nan Asi Disid” (The Origins of Hindu-Muslim Conflict in South Asia), *Diplomat La* (The Diplomat), 16 mas 2019

23 Ki ipotèz konsènan nesèsite pou kreye Pakistan pasaj sa a pi byen sipòte?

- (1) Enkyetid konsènan tradisyon pataje ant Mizilman ak Endou yo ki pèdi bezwen konsidere.
- (2) Rezidan lokal yo ta dwe chèche konnen si Mizilman oswa Endou kontwole Kashmir.
- (3) Idantite kiltirèl Mizilman yo inik epi diferan de pa Endou yo.
- (4) Mizilman ak Endou pa t kapab viv nan tèt ansanm san asistans kolonyal.

24 Dapre pasaj sa a, kèk pansè modèn te kwè tansyon ki kontinye genyen ant Endou ak Mizilman nan pati nan kontinan Endyen an te egziste akòz

- (1) kwayans layik dirijan peyi Lend yo
- (2) politik Raj Britanik la
- (3) filozofi mwàn Boudis yo
- (4) koutim sosyal nan tanp Endou yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.


. . .Nouvo Konstitisyon Tik la, ki baze sou prensip souverènte nasyonal la te adopte nan mwa Avril 1924; “nouvo lòd la” kounye a te gen ankadremman legal li yo. Nan mwa Novanm 1925 kwafi oksidantal la te ofisyèlman adopte. Lòd relijye yo ak lokal yo te entèdi pandan menm mwa a. Nan mwa Desanm 1925, yon nouvo lwa te etabli kalandriye ak sistèm tan oksidantal la ki te dwe aplikap apati Janvye 1926. Yon nouvo kòd sivil, enspire nan kòd Swis la te dekrete nan mwa Fevriye, transfòme baz legal la maryaj, fanmi ak byen. . . .

Nan mwa Avril 1928, atik 2 nan Konstitisyon 1924 la, ki di Islam se te relijyon ofisyèl nan Eta Tik la, te anile. Chif Laten yo te adopte nan mwa Me 1928, e alfabè Laten an, ki ranplase alfabè arab la, nan mwa Novanm nan menm ane a. . . .

Sous: “*Refòm Atatürk yo*” (Atatürk’s Reforms), *Anyè Relasyon Entènasyonal La Tiki* (The Turkish Yearbook of International Relations), Près Inivèsite Ankara, 1979

- | | |
|--|--|
| 25 Ki rezònman sou Atatürk pasaj sa a pi byen sipòte?
(1) Li te kwè ak tout fòs li nan lide Adam Smith yo.
(2) Li te sipòte oksidantalizasyon.
(3) Li te opoze ak layisite.
(4) Li te baze lide li yo sou nosyon kle lwa Sharia. | 26 Règleman ki dekri nan pasaj sa a se yon rezilta
(1) Revolisyon Irànien
(2) Chit Anpi Otoman an
(3) Viktwa Mughal pandan Premye Gè Mondyal la
(4) Sistèm Manda apre Dezyèm Gè Mondyal la |
|--|--|
-

Sèvi ak desen komik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la



Sous: Denny Pritchard, *Sitwayen Ottawa* (Ottawa Citizen), 1995

27 Ki deklarasyon ki pi byen dekri opinyon desinatè komik sa a sou Nasyonziini (ONU)?

- (1) Sistèm pou Nasyonziini konsève lapè a kraze.
- (2) Moun yo an sekirite akòz efò Nasyonziini pou konsève lapè.
- (3) Mi yo se zouti Nasyonziini pou konsève lapè ki pi efikas.
- (4) Anpil moun sipòte efò Nasyonziini pou konsève lapè.

Sèvi ak atik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la.

. . .An Desanm, [Wael] Ghonim, ki te demenaje al rete nan Silicon Valley depi lè sa a, te poste yon TED talk sou sa ki te mal pase. Sa vo lapèn pou gade e l kòmanse konsa: “Yon lè mwen te di, ‘Si w vle libere yon sosyete, tout sa w bezwen se Entènèt.’ Mwen pa t gen rezon. Mwen te di pawòl sa yo an 2011, lè yon paj Facebook mwen te kreye anonim te ede pouse revolisyon peyi Ejip la. Prentan Arab la te revele pi gwo potansyèl medya sosyal la, men li te tou ekspoze pi gwo enpèfeksyon li yo. Menm zouti ki te ini nou pou ranvèsè diktatè yo te vin dechire nou.” . . .

Sous: Thomas L. Friedman, “Rezo Sosyal: Deskriptè oswa Kreyatè?” (Social Media: Destroyer or Creator?), *New York Times*, 3 fevriye 2016

28 Ki ipotèz sou entènèt la atik sa a ka pi byen sipòte?

- (1) Li pi lan pase mwayen kominikasyon tradisyonèl yo.
 - (2) Se sèlman jèn moun ki nan vil yo ki favorize l.
 - (3) Se toujou yon sous enfòmasyon egzak.
 - (4) Li ka itilize pou ankouraje diferan ideyoloji politik.
-

Paj sa a rete vid toutespre.

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonse pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)


Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1



Sous: Sit Entènèt Trete de Pè Portsmouth (Portsmouth Peace Treaty website) (adapte)

Kontèks Jeyografik—refere ak kote devlopman/evènman istorik sa a ap fèt ak rezon ki fè l ap fèt la.

29 Esplike kontèks jeyografik devlopman yo montre sou kat sa a. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

Dokiman 2

Sa ki pi ba a se yon korespondans etranje ki montre aksyon I Ho Ch'uan te poze, yo rekonèt tou nan Oksidan kòm Boxers yo. Otè sa a itilize sitasyon Doktè John Hykes nan Sosyete Biblik Ameriken an ak enfòmasyon Edwin Conger, yon ofisyèl gouvènman Ameriken an nan peyi Lachin bay.

NÒ LACHIN TEWORIZE

Bann Oganize pou Detwi Kay Kreyen ki Konvèti yo.

Aktivite Piyay ak Asasina Boksè yo—Ta Chase Etranje yo— Sispèk Konivans Gouvènman an [konplo].

Korespondans etranje New York Times.

TIEN-TSIN, 10 Fevriye.— Pou mwen ka prezante yon istwa sou dezòd ki te fèt nan Nò Lachin nan yon fason entèlijans, li pral nesesè pou mwen ekri yon rezime tou kout soulèvman an depi nan kòmansman l. Pandan yo limite prensipalman nan pwovens Shantung, li afekte seryezman tout travay Kreyen nan nò yo epi rapidman pran gwo pati epi gaye tankou yon dife forè soti nan yon vilaj al nan yon lòt vilaj. Mwen te rasanble tout enfòmasyon posib nan divès sous, natif natal ak etranje, men piske li enpòtan pou se sèlman reyalyte mwen ta dwe prezante, mwen pral fè sèlman deklarasyon sa yo ki pwouve anpil. Pifò nan deklarasyon ki pi ba a sa yo ki te kominike ofisyèlman bay Minis Conger pa mwayen misyonè Ameriken nou yo e yo pa gen ladan yo rapò pakèt kòlè nou pa gen enfòmasyon fyab sou yo. . . .

I Ho Ch'uan, Pwen Amoni Dwat yo, sa yo rele souvan “Boksè yo,” se sa yo rele sosyete sekrè ki te fè premye aparasyon l sa gen anviwon yon ane. Li rapidman te atire anpil moun, jèn kou granmoun, ki te fòme an ti gwoup jimnas yo. Chak gwoup te gen yon lidè “demon” alatèt li, ki pa mwayen yon seleksyon pasyan epileptik [ki gen kriz] oswa grasa èd nan ipnotis, te lakòz yon “mwayen” pou montre sentòm sovaj oswa anòmal oswa pwononse diskou sovaj ak etranj, sa ki sèvi kòm yon baz pou ipotèz sosyete sa a pou fòs esprityèl. Patizan yo te asire yo pa t ka mouri oswa gen blesi fizik, kò yo te pwoteje yon fason esprityèl kont koupe epe ak bal. . . .

Sous: *New York Times*, 30 mas 1900

30 Dapre ekstrè sa a, esplike kijan atik sa a montre patipri nan deskripsyon li sou I Ho Ch'uan nan. [1]

Score

Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz— vle di yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, emèjans yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè— vle di sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

31 Idantifye **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa lide yo ke yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

Score

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b): Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

Foto nan Cape Town, Afrik Disid, an 1967



Sous: *Gadyen an* (The Guardian)

32 Esplike sikonstans istorik ki te mennen nan sitiyasyon yo montre nan foto sa a. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.

Dokiman 2

Nan dat 2 Fevriye 1990, Prezidan Sid Afriken F. W. de Klerk te bay yon diskou nan ouvèti Palman an. Odyans lan te gen ladann gouvènman Blan Afrik Disid la ak anbasadè etranje yo, epi yo te pase l tou sou televizyon ak radyo nan Afrik Disid ak atravè mond lan. Diskou a esplike objektif de Klerk pou Afrik Disid.

. . .Peyi nou an ak tout moun li yo te mele nan konfli, tansyon ak lit vyolan pandan plizyè dizèn ane. Li lè pou nou koupe zak vyolans yo epi fè lapè ak rekonsilyasyon. Majorite ki ret silans lan ap tann sa a. Jèn yo merite sa.

Avèk etap sa yo Gouvènman an te pran, li te pwouve bon entansyon l epi tab pare pou lidè sansib yo kòmanse pale sou yon nouvo dispansasyon [sistèm], yo rive jwenn yon konpreyansyon pa mwayen dyalòg.

Pwogram nan ouvè e objektif jeneral nou ap chèche yo ta dwe akseptab pou tout Sid Afriken rezonab yo.

Pami lòt bagay, objektif sa yo gen ladan yo yon nouvo konstitisyon demokratik; franchiz inivèsèl [vòt]; pa gen dominasyon; egalite devan yon sistèm jidisyè endepandan; pwoteksyon minorite yo ak dwa endividyèl yo; libète relijyon; yon bon ekonomi ki baze sou prensip ekonomik pwouve ak antrepriz prive; pwogram dinamik ki dirije nan pi bon edikasyon, sèvis sante, lojman ak kondisyon sosyal pou tout moun.

Nan koneksyon sa a Mesye Nelson Mandela ta ka jwe yon wòl enpòtan. Gouvènman an te note li te deklare tèt li dispoze fè yon kontribisyon konstriktif nan pwosesis politik lapè nan Afrik Disid. . . .

Sous: F. W. de Klerk, diskou nan ouvèti Palman, 2 fevriye 1990

33 Sou baz ekstrè sa a, esplike kijan odyans lan gen entansyon afekte sa de Klerk mete nan diskou l la. [1]

Score

Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34a ak 34b.

Evènman Enpòtan—se yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik ki pote gwo chanjman. Li ka lokal, rejyonal, nasyonal, oswa mondyal.

34a–34b Itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak sa ou konnen nan syans sosyal:

- a) Idantifye yon moman enpòtan ki gen relasyon dirèkteman ak devlopman istorik ki nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]
- b) Esplike fason moman enpòtan ou idantifye a te kreye yon gwo chanjman pa mwayen prèv nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]

34a Score

34b Score

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèw ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre siksè.

Sa pou fè:

- Idantifye **epi** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo soulve
- Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèw ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon ou an, asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou *omwen twa (3)* dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèw ki soti nan *omwen twa (3)* dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèw ak rezon yo pou kore yon konklizyon.

Dokiman 1

. . . An 1789, pou evite [anpeche] kriz la vin pi mal, Louis te dakò pou l konvoke 'jeneral lòd yo' (yon fòm palman an, men san pouvwa reyèl) pou l eseye ogmante taks. Sa a te premye fwa gwoup la te rankontre depi 1614. Yo te fache paske Louis te 'refize pou pèmèt twa lòd yo - premye (klèje), dezyèm (nòb) ak twazyèm (komin) - rankontre an menm tan, Twazyèm Lòd la te pwoklame tèt li yon asanble nasyonal, deklare li te sèlman gen dwa reprezante nasyon an.

Rimè ki fè konnen wa a te gen entansyon siprime asanble a te pwovoke soulèvman popilè a nan prizon Bastille, yon senbòl pouvwa represyon wayal, nan dat 14 Jiyè 1789. Nan mwa Oktòb, foul moun yo te fòse Louis ak fanmi pou yo retounen nan Pari soti nan palè yo nan Vèsay. Nan mwa Jen 1791, yo te eseye chape, ki te konsidere kòm prèv trayizon Louis te fè ak pisans etranje yo. Li te oblije aksepte yon nouvo konstitisyon, kidonk etabli yon monachi konstitisyonèl. . . .

Sous: "Pèsonalite Istorik (Historic Figures): Louis XVI (1754–1793)," Istwa BBC anliy (BBC History online), 2014

Dokiman 2

Wa Leopold II nan Bèljik elaji kontwòl li nan rejyon Kongo a.

. . .Batize Eta Lib Kongo an 1885, teren jwèt Leopold la te yon 76 fwa gwosè Bèljik. Konpoze lajman nan jeng ki pa trase, li te okòmansman yon gwo chay finansye. Men, lè demann atravè lemond pou kawotchou te eklate, Leopold te fè lajan. Yo te voye travayè Kongo yo soti nan forè a pou yo koupe pye rezen epì vlope kò yo ak latèks kawotchou. Apre sa yo ta grate l sou po yo - souvan li soti ak chè ak cheve. Travay la te entansif e li te andomaje sante; sèl fason ekonomik pou kolekte l se te atravè mobilizasyon fòse sosyete Kongolè a. Eta Lib Kongo a te evolye soti nan yon posesyon vanite nan yon plantasyon esklav. . . .

Sous: Tim Stanley, "Kè Tenèb an Bèljik" (Belgium's Heart of Darkness), *Istwa Jodia* (History Today),
10 oktòb 2012

Dokiman 3

Ant 1940 ak 1960, Evfronsiniia Kersnovskaia te pase tan ann egzil nan Siberi ak nan kan prizon Sovyetik yo. Nan kòmansman ane 1964, li te kòmans ekri ak ilistre eksperyans li yo.

“Rive nan kan travay korektif la te tounen akimilasyon nan imilyasyon. Premyèman, yo te fè nou mete nou toutouni epi yo te pouse nou nan patiraj san twati ki fèt ak planch. Anlè tèt nou zetwal yo t ap klere; anba pye nou te gen pou pou ki fè glas. Yon patiraj ki mezire 3 pye kare. Chak te kenbe twa jiska kat fi toutouni, k ap tranble, e ki pè. Lè sa a, ‘kalòj nich’ sa yo te louvri youn apre lòt e yo te mennen moun toutouni yo nan yon lakou ‘vèsyon kan an nan yon fwaye [antre]’ nan yon batiman espesyal kote dokiman nou yo te ‘prepare’ e yo te ‘fouye’ bagay nou.

Objektif rechèch la se te kite nou ak vye rad, epi pran bon bagay yo tankou ‘chanday, gan, chosèt, foula, vès, ak bon soulye’ pou yo. Dis vòlè san wont pouse moun sa yo ki pa gen anyen ki vivan e ki annik vivan sèlman.

‘Korektif’ se yon bagay ki ta dwe fè santi w pi byen, ak ‘travay’ pou ba w yo gwo tit. Men ‘kan’? Yon kan pa t yon prizon, ebyen kisa ki t ap pase?”

Sous: “Gulag: Kan Travay Fòse Sovyetik ak Lit Pou Libète” (Gulag: Soviet Forced Labor Camps and the Struggle for Freedom), Gulag: Plizyè Jou, Plizyè Lavi, Egzibisyon Sou Entènèt, Sant Istwa ak Nouvo Medya (Many Days, Many Lives, Online Exhibit, Center for History and New Media), Inivèsite George Mason, 2006–2021

Dokiman 4

"Tout Nouvèl Ki Bon pou Enprime"	The New York Times.	EDISION LATE CITY Li preske lè sotéy mè jodi a. Bon tan ak pi cho demen. Temperatwa Yesterdays—Max. 54; Min. 45 Temperatwa Today, 8:15 A. M.: Same, 8:20 P. M. Fol. U. S. Weather Bureau Bureau, Page 45
VOL. XCVI...No. 32,393.	Copyright, 1968, by The New York Times Company NOUYÒK, MÈKREDI, 2 OKTÒB, 1946	THREE CENTS NAN VIL NOUYÒK
12 LIDÈ GÈ NAZI TE KONDANE POU YO PANN YO; GOERING TE NAN TÈT LIS POU L MOURI ANVAN 16 OKTÒB; HESS TE SOTI VIVAN; SIS LÒT TE AL NAN PRIZON		

Sous: *New York Times*, 2 oktòb 1946

Dokiman 5

Saddam Hussein se premye lidè mondyal nan tan modèn ki te itilize zam chimik yon fason brital kont pwòp pèp li a. Objektif li yo te sistematikman teworize ak ekstèmine popilasyon Kurdish nan nò Irak, fè moun k ap kritike l yo fè silans, epi teste efikasite nan zam chimik ak byolojik li yo. Hussein te lanse atak chimik kont 40 vilaj Kurdish ak plizyè milye sivil inosan an 1987–88, lè l sèvi avèk yo kòm teren pou teste. Sa k pi mal nan atak sa yo te devaste vil Halabja nan dat 16 Mas 1988.

Sous: Biwo Afè Piblik, "Kanpay Zam Chimik Saddam yo (Saddam's Chemical Weapons Campaign): Halabja, 16 Mas 1988," Achiv sou entènèt Depatman Deta Etazini 14 mas 2003

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen an se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Youn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki kore pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki kore pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope esplikasyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Gade ankò paj **26** pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

